**दिन– सोमवार** **दिनांक–30.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

तेलंगानाक राजधानी हैदराबाद लऽग संगारेड्डी मे एक केमिकल फैक्ट्री मे भेल विस्फोट मे कम सँ कम बारह गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि दू दर्जन सँ बेसी लोक घायल छथि। कहल जा रहल अछि जे एहि दुर्घटना मे किछु बिहार निवासी कामगार सेहो हताहत भेल छथि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ तेलंगानाक संगारेड्डी मे भेल विस्फोटक घटना मे मृतक लोकनिक प्रति संवेदना व्यक्त कयलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे राष्ट्रपति कहलनि जे एहि त्रास्दी सँ ओ बड्ड दुखी छथि। ओ घायल सभक शीघ्र स्वस्थ्य हेबाक कामना कयलनि। ओतहि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि घटना पर संवेदना व्यक्त करैत प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोष सँ प्रत्येक मृतकक परिजन के दू–दू लाख टाका आ दुर्घटना मे घायल लोक के पचास–पचास हजार टाकाक अनुग्रह राशि देबाक घोषणा कयलनि।

---

प्रदेश मे छओ नगर पंचायत मे आम चुनाव आ छत्तीस आन नगर निकाय मे भेल उपचुनाव मे कतहु–कतहु मतगणना काज समाप्त भऽ गेल अछि आ कतहु–कतहु एखनहु मतगणना चलि रहल अछि। सभ सँ पहिने ई–भोटिंगक अंतर्गत देल गेल भोटक गिनती भेल। एकर बाद ईवीएमक भोट गानल जा रहल अछि। निकाय चुनाव मे नओ उम्मीदवार निर्विरोध निर्वाचित भऽ चुकल छथि। जखनकि तीन पद पर उच्च न्यायालयक आदेशक कारणे निर्वाचन स्थगित कऽ देल गेल अछि। हमर सहरसा संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक नगर निगम अंतर्गत वार्ड संख्या उनैस सँ अनुप्रिया आ नगर परिषद सिमरी बख्तियारपुरक वार्ड दस सँ राजेन्द्र चौधरी तथा सोनवर्षा वार्ड संख्या आठ सँ विनोद साह विजयी भेलाह। एहि चुनाव मे देश मे पहिल बेर बिहार मे मोबाईल ऐपक माध्यमे ई–भोटिंग भेल, जाहि लेल पचास हजार सँ बेसी मतदाता पंजीकरण करौने छलाह। पंजीकृत सत्तरि प्रतिशत सँ बेसी लोक अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि।

————————————————————————————

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह कहलनि अछि जे हथियारबंद माओवादी लोकनि सँ कोनो बातचीत नहि कयल जायत। ओ तेलंगानाक निजामाबाद मे किसान सम्मेलन के संबोधित करैत कहलनि जे अदिवासी, पुलिसकर्मी आ सुरक्षाकर्मी लोकनिक हत्या करयबला सँ कोनो बातचीत नहि भऽ सकैत अछि। गृहमंत्री वामपंथी उग्रवादी लोकनि सँ हथियार छोड़ि कऽ मुख्य धारा मे सम्मिलित हेबाक आह्वान कयलनि।

————————————————————————————

रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव रेलवे बोर्ड के ट्रेन प्रस्थान सँ आठ घंटा पहिने आरक्षण चार्ट तैयार करबाक लेल निर्देश देलनि अछि। एहि सँ प्रतीक्षा सूचीक टिकटवला यात्रीक आनिश्चितता मे कमी आओत आ टिकट कंफर्म नहि हेबाक स्थिति मे यात्री के वैकल्पिक प्रबंध करबाक समय सेहो भेटत।

————————————————————————————

भारतीय जनता पार्टी आइ राष्ट्रीय जनता दलक नेता तेजस्वी यादव पर वक्फ संशोधन अधिनियम पर हुनक विवादास्पद बयान के लऽकऽ आलोचना कयलक। नव दिल्ली मे आइ संवाददाता लोकनि के संबोधित करैत पार्टी प्रवक्ता डॉक्टर सुधांशु त्रिवेदी कहलनि जे एहि सँ स्पष्ट पता चलैत अछि जे बिहार विधानसभा मे विपक्षक नेता ने तऽ संसदक सम्मान करैत छथि आ ने न्यायापालिकाक। ओ कहलनि जे ई दुर्भाग्यपूर्ण अछि जे काल्हि पटना मे तेजस्वी यादव एक जनसभा मे कहलनि कि संसद द्वारा पारित कानून के कूड़ादान मे फेक देल जायत। एम्हर, प्रदेशक मंत्री आ भाजपाक वरिष्ठ नेता मंगल पांडेय सेहो तेजस्वी यादवक एहि बातक निंदा कयलनि अछि।

————————————————————————————

बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ मतदाता पुनरीक्षण कार्यक्रमक मामिला मे राजस्थानक पूर्व मुख्यमंत्री आ कांग्रेसक नेता अशोक गहलोत आइ पटना मे संवाददाता लोकनि के कहलनि जे भोटर लिस्ट वेरिफिकेशन एक पैघ मुद्दा अछि। ओ कहलनि जे चुनाव आयोगक जिम्मेदारी अछि जे ओ पक्ष–विपक्ष सँ बातचीत कऽ भ्रम के दूर करय।

————————————————————————————

प्रदेश मे लगातार मॉनसूनी बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ गया, वक्सर, अरवल आ जमुई समेत बारह जिला मे बरखा आ ठनका के लऽकऽ चेतावनी जारी कयलक

अछि। विभागक अनुसार मधुबनी, अररिया, सुपौल, कटिहार आ किशनगंज मे कतहु–कतहु भारी बरखाक पूर्वानुमान अछि। मौसम विभागक अनुसार राज्य मे एखन धरि सामान्य सँ चौतीस प्रतिशत कम बरखा भेल अछि।

———————————————————————————

उत्तराखंड मे तेज बरखाक कारण चारि धाम यात्रा पर लगाओल गेल प्रतिबंध आइ हटा लेल गेल। मौसम विभाग आइ उत्तराखंडक कतेको क्षेत्र मे मूसलाधार बरखाक चेतावनी जारी करैत तीर्थयात्री लोकनि के सतर्क रहबाक सलाह देलक अछि।

———————————————————————————

दरभंगा सँ मुंबई लेल आब सीधा हवाई यातायात शुरू भऽ जायत। अगामी एक जूलाई सँ एक निजी कंपनीक हवाई जहाज दरभंगा हवाई अड्डा सँ मुंबई लेल उड़ान भरत।

———————————————————————————

समाप्त